

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Jejer Panalungtikan

Ieu panalungtikan lumangsung di SMAN 6 Bandung nu perenahna aya di jalan Pasir Kaliki nomer 56. Demi nu jadi subjék panalungtikanana nya éta siswa kelas XII nu jumlahna 328 urang. Tina éta populasi ditangtukeun sampel nu dipilih sacara acak kalawan jumlah 43 urang atawa sakelas. Ieu jumlah sampel dipilih kalawan tinimbangan dianggap cukup pikeun ngawakilan populasi jeung dina sakelas sangkan waktu panalungtikan leuwih éféktif.

3.2 Méthode jeung Désain Panalungtikan

Nurutkeun Campbell & Stanley (Arikunto, 2010: 123), sacara gurat badag aya dua méthode panalungtikan dumasar kana hadé goréngna ékspérimén atawa sampurna henteuna ékspérimén; (1) *pre experimental design* jeung (2) *true experimental design*. *Pre experimental design* atawa ilahar disebut *quasi experiment* dianggap ékspérimén nu can nyumponan kana katangtuan ilmiah, najan kitu ieu méthodé téh masih bisa digunakeun.

Méthode kuasi ékspérimén miboga 3 (tilu) rupa désain panalungtikan, nya éta (1) *One shot case study*, (2) *Pre test and Post test*, jeung (3) *Static group comparison* (Arikunto, 2010: 123). Demi dina ieu panalungtikan digunakeun désain *pre test and post test* kalawan pola panalungtikan:

$O_1 \times O_2$

Dumasar kana ieu désain, obsérvasi dilakukeun 2 (dua) kali, nya éta saméméh *treatment/perlakuan* nu disebut *pretest/pratés*, jeung obsérvasi nu dilakukeun sabada *treatment/perlakuan* nu disebut *posttest/postés*. Ieu désain dianggap luyu pikeun kapentingan dina ieu panalungtikan.

3.3 Wangenan Operasional

- (1) Modél pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) nya éta salasihiji modél pangajaran nu luyu pikeun digunakeun dina prosés pangajaran basa kaparigelan nulis atawa maca.
- (2) Kasalahan léksikal gejala hiperkorék nya éta kasalahan pamakéan kecap alatan kecap anu geus bener tuluy dibebener deui nu antukna jadi salah,
- (3) Kasalahan léksikal gejala pléonasme nya éta kasalahan pamakéan kecap nu leuwih tina mistina, nu geus écés diécéskeun deui. Ieu kasalahan raket patalina jeung éfétivitas pamakéan basa.
- (4) Éséy nya éta salasihiji wangun tulisan nonfiksi nu medar hiji perkara kalawan singget tur saulas. Masalah atawa jejer pedaran éséy gumantung kana kamahér atawa kasang tukang kaahlian nu nulisna.

3.4 Instrumén Panalungtikan

3.4.1 Lembar Tés

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés dina wangun lembar soal éséy/*uraian*. Ieu tés digunakeun pikeun mikaweruh kamampuh siswa dina nulis éséy waktu *pretest* jeung *posttest*. Waktu *pretest* ngagunakeun lembar soal saperti ieu di handap:

*Jieun éséy kalawan téma kapahlawanan dina kertas nu geus disadiakeun!
Gunakeun basa nu luyu tur merenah jeung struktur nulis éséy nu bener!*

Demi pikeun *posttest*, digunakeun lembar soal:

1. *Baca conto karangan éséy ieu di handap kalawan gemet!*
2. *Tuliskeun kekecapana anu teu merenah (pléonasme jeung hiperkorék) dina éta karangan!*
3. *Pék tulis hiji tulisan wangun éséy! Jejerna ngeunaan kapahlawanan!*

3.4.2 Kartu Data Sumber (KDS)

Sajaba ti lembar tés di luhur, intrumén séjén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data sumber (KDS). KDS digunakeun pikeun nyalin sakumna kasalahan léksikal nu aya dina sumber data, boh data *pretest* boh data *posttest*, sangkan kasalahan léksikal tulisan éséy siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran CIRC bisa dipaluruh. Ieu KDS téh ngawengku: (1) nomer sumber data; (2) nomer paragraf; jeung (3) nomer kalimah nu mibanda kasalahan léksikal. Sangkan leuwih jéntré, conto kartu data kagambar siga ieu di handap.

Conto Kartu Data Sumber

(KDS/A8/4/2)

Wangun nu salah : basa mangsa harita

Kuduna : - basa harita
- mangsa harita

Demi léngkah-léngkah pamakéan éta KDS téh, nya éta:

- 1) nganomeran unggal tulisan kalawan format:
 - a) A1, A2, A3, jst. pikeun tulisan hasil tina pratés, jeung
 - b) B1, B2, B3, jst. pikeun tulisan hasil tina postés;
- 2) maca tulisan siswa kalawan gemet; jeung
- 3) nandaan unggal kasalahan jeung ngasupkeun kana kartu data sakumaha format di luhur.

3.4.3 Instrumén Penilaian

Dua instrumén di luhur, digunakeun pikeun nalungtik kamampuh nulis éséy siswa jeung pikeun nalungtik kasalahan léksikal naon waé nu karandapanana, demi pikeun peunteun nu ngawengku aspék nulis éséy sacara gembheng dibutuhkeun instrumén panalungtikan séjén. Ku kituna, instrumén atawa pedoman meunteun/penilaian éséy bisa dipedar ngaliwatan tabél ieu di handap.

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Tabél 3.1 Pedoman Meunteun Éséy Pratés atawa Postés

No.	Aspék anu dipeunteun	Skala Peunteun				Skor
		3	2	1	0	
1.	Aktualisasi topik					
2.	TékNIK mekarkeun tulisan					
3.	Éjahan jeung tanda baca					
4.	Kasalahan Léksikal					
5.	Diksi					
Jumlah Skor						
Peunteun						

Katerangan Pedoman Meunteun Éséy.

1) Aktualisasi topik

Skor 5 = Topik anu dipatalikeun aktual pisan

Skor 4 = Topik anu dipatalikeun aktual

Skor 3 = Topik anu dipatalikeun cukup aktual

Skor 2 = Topik anu dipatalikeun kurang aktual

Skor 1 = Topik anu dipatalikeun henteu aktual

2) TékNIK mekarkeun tulisan

Skor 5 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna hadé pisan

Skor 4 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna hadé

Skor 3 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna cukup hadé

Skor 2 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna kurang hadé

Skor 1 = TékNIK muka éséy jeung kohérénsi antar paragrafna henteu hadé

3) Éjahan jeung tanda baca

Skor 5 = Sakabéh éjahan jeung tanda baca bener

- Skor 4 = Aya 1-4 éjahan jeung/atawa tanda baca nu salah
 Skor 3 = Aya 5-8 éjahan jeung/atawa tanda baca nu salah
 Skor 2 = Aya 9-11 éjahan jeung/atawa tanda baca nu salah
 Skor 1 = Leuwih ti 11 éjahan jeung/atawa tanda baca nu salah
- 4) Kasalahan léksikal (gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme)
- Skor 5 = Henteu aya kasalahan léksikal
 Skor 4 = Aya 1-4 kasalahan léksikal
 Skor 3 = Aya 5-8 kasalahan léksikal
 Skor 2 = Aya 9-11 kasalahan léksikal
 Skor 1 = Aya leuwih ti 11 kasalahan léksikal
- 5) Diksi
- Skor 5 = Nyusun kalimahna kompléks tur merenah, pilihan kecap saluyu jeung eusi éséy
 Skor 4 = Nyusun kalimahna basajan tur merenah, pilihan kecap saluyu jeung eusi éséy
 Skor 3 = Nyusun kalimahna cukup merenah, pilihan kecap henteu saluyu jeung eusi éséy
 Skor 2 = Nyusun kalimahna kurang merenah, pilihan kecap kurang saluyu jeung eusi éséy
 Skor 1 = Nyusun kalimahna henteu merenah, pilihan kecap henteu saluyu jeung eusi éséy

Skor anu kahontal ku siswa dumasar kana pedoman di luhur, dirobah jadi skor ahir (peunteun) kalawan rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor idéal}} \times 100$$

Peunteun nu dicangking ku siswa digunakeun pikeun nangtukeun tingkat signifikansi jeung ngagolongkeun kamampuh siswa kalawan kategori:

- 1) peunteun 0-20 = kurang pisan;

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 2) peunteun 21-40 = kurang,
- 3) peunteun 41-60 = sedeng;
- 4) peunteun 62-80 = alus; jeung
- 5) peunteun 81-100 = alus pisan (Riduwan & Sunarto, 2009:23).

Sangkan leuwih jéntré, peunteun siswa bisa ditabulasikeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.2 Peunteun Praténs atawa Postés

No.	Aspék anu dipeunteun					Σ	P	K
	AT	TM	ÉT	KL	D			

Katerangan:

AT = Aktualisasi Topik

TM = Téknik Mekarkeun Tulisan

ÉT = Éjahan jeung Tanda baca

KL = Kasalahan Léksikal

D = Diksi

Σ = Total Skor

P = Peunteun (Skor Ahir)

K = Kategori

3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés tulis. Tés tulis dipilih alatan dianggap mampuh maluruh kamampuh siswa dina nulis éséy, hususna dina kasalahan léksikal. Léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data nya éta ngaliwatan *pretest* jeung *posttest*. Ieu léngkah diperlukeun pikeun ngumpulkeun data sacara gembleng nu mangrupa

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

tulisan eséy siswa. Léngkah saterusna nya éta ngumpulkeun atawa nyieun daptar kasalahan léksikal tina tulisan eséy siwa ngagunakeun *kartu data sumber* (KDS).

3.6 Téknik jeung Prosedur Ngolah Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téknik *Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia* (AKBI) nu ditepikeun ku Tarigan & Tarigan (2011: 178). Najan kitu, éta téknik téh teu dilarapkeun sagemblengna, tapi diropéa ku panalungtik dumasar kana kabutuhan ieu panalungtikan. Jadi, téknik anu digunakeun téh ngaliwatan prosedur atawa léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- 1) nganomeran unggal tulisan kalawan format:
 - a) A1, A2, A3, jst., pikeun sumber data *pretest*
 - b) B1, B2, B3, jst., pikeun sumber data *posttest*;
- 2) maca tulisan siswa kalawan gemet;
- 3) nandaan unggal kasalahan jeung ngasupkeun kana kartu data;
- 4) nyieun klasifikasi kasalahan léksikal dina gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme boh dina *pretest* boh dina *posttest*; jeung
- 5) ngabandingkeun kasalahan léksikal nu karandapan ku siswa saméméh *treatment* (*pretest*) jeung sabada *treatment* (*posttest*).

Téknik di luhur digunakeun pikeun maluruh kasalahan léksikal tulisan eséy siswa, demi pikeun nangtukeun aya atawa henteuna pangaruh *treatment* kana kamampuh nulis siswa, diperlukeun peunteun pikeun tiap tulisan ngagunakeun instrumén penilaian sakumaha nu dipedar di luhur. Sabada éta prosedur, peunteun pratés jeung postés diasupkeun kana tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.3 Daptar Peunteun Pratés jeung Postés

No.	Ngaran Siswa	Pratés	Postés

Éta tabél di luhur diperlukeun pikeun mikaweruh signifikasi hasil ékspérimén nu dianalisis ngagunakeun rumus:

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Eséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

kalawan katerangan:

t = tés signifikasi;

Md = mean tina béda pratés jeung postés (postés-pratés);

Xd = déviasi masing-masing subjék (d-Md);

$\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviasi;

N = subjék dina sampel; jeung

d.b. = ditangtukeun ku N-1 (Arikunto, 2010: 349-350).

Éta rumus tés signifikasi di luhur téh digunakeun pikeun nangtukeun ditarima-henteuna hipotésis kalawan katangtuan:

- a) lamun $t_{itung} \geq t_{tabel}$, hipotésis ditarima, hartina modél pangajaran CIRC téh éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis éséy siswa; jeung lamun $t_{itung} \leq t_{tabel}$, hipotésis ditolak, hartina modél pangajaran CIRC téh henteu éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis éséy siswa.